



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PI GWO ADISYON NAN ADIRONDACK STATE FOREST PRESERVE NAN PLIS PASE YON SYÈK.

20,758-kawotè ke yo te achte nan Boreas Ponds Tract barèm akizisyon 69,000 kawotè nan Konsèvasyon Lanati

Nouvo teren ke yo te fenk achte ap amelyore ekonomi touris rejyon an grasa opòtinite lwazi elaji

TNC ap bay \$750,000 nan sibvansyon pou minisipalite lokal yo amelyore koneksyon pou teren konsèvasyon yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèvmman pi gwo akizisyon tè Adirondack eta nan plis pase 100 ane, avèk acha 20,758-kawotè Boreas Ponds Tract. Sa a se acha final nan yon seri teren ke eta te achte ki te konplete dapre yon akò nan 2012 avèk Nature Conservancy pou konsève 69,000 kawotè nan teren ki te achte anvan ke yon ansyen konpayi Finch, Pruyn & konpayi papye te posede prensiplman. Tract la lokalize prensiplman nan vil North Hudson nan Konte Essex, nan pati sid zòn High Peaks Wilderness.

Jodia, Gouvènè Cuomo te voye yon [lèt](#) nan Ajans Adirondack Park pou mande ajans lan pou l kòmanse pwosesis klasifikasyon pou Boreas Ponds Tract. Depi 2010, grasa efò Gouvènè a pou ankouraje lwazi nan Adirondacks, travay ki gen rapò avèk touris ogmante pa preske uit pousan, depans touris ogmante a 10 pousan e vizit jiska 15 pousan nan Adirondack Park.

“Adirondack Forest Preserve se yon trezò nasyonal, e li ajoute preske 21,000 kawotè nan Preserve la lè yo konplete akizisyon ansyen teren Finch ki pral benefisye rejyon an pou plizyè jenerasyon kap vini yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Le nou achte tract remakab sa, nap ede konsève bote natirèl rejyon an pandan lap kreye nouvo opòtinite ekonomik pou kominote yo nan park la. Sa pral bay menm plis anviwonman san parèy pou touris anplennè ak lwazi, e mwen ankouraje Nouyòkè yo pou vizite rejyon an epi gade sa nou te manke.”

Eta achte tract la avèk \$14.5 milyon ki soti nan Fon pou Pwoteksyon Anviwonman, bay resous ki nesèsè pou pwoteje resous sa ke nou cheri ak karaktè elwaye l, pandan lap elaji opòtinite lwazi enkli lachas, randone, kanotaj ak obsèvasyon lafon. Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York nan pwosesis pou delvope plan touris pou

bay santye, espas pakin ak aksè nan sit vwa navigab pou itilizayson piblik la pandan ete a. Avèk anons sa, piblik la ka gen aksè epi rekreye sou teren ak dlo yo pa mwayen ki pa veyikil sèlman.

Komisyonè pa Entèrim Depatman DEC Basil Seggos te deklare: “DEC fyè pou l finalize bèl adisyon sa sou youn nan peyizaj ki pi anblemantik nan New York pou rive nan Adirondack Forest Preserve. Grasa lidèchip kontinyèl Gouvènè Cuomo, nap rete tann pou n travay avèk tout patnè yo pou pwoteje avèk swen abitat enpòtan sa epi asire ke tout vizitè yo ka pwofite de bèl panorama ak opòtinite lwazi eksepsyonèl.”

Nature Conservancy te achte 161,000 kawotè nan 2007 nan men Finch Paper Holdings LLC, konpayi ki te achte tout byen Finch, Pruyn & Company. Nan 2010, eta te achte dwa pasaj konsèvasyon sou 89,000 kawotè nan ansyen teren Finch sa yo. Nan 2012, Gouvènè Cuomo te anonse akizisyon planfiye rès 65,000 kawotè ansyen teren Finch nan frè, ansanm sou 4,000 kawotè nan lòt teren Nature Conservancy. Anba akò Eta a ansanm avèk Nature Conservancy, yo te vann pwopriyete a bay Eta a nan yon kontra ki gen yon etap senkan. Itilize EPF, Eta te peye yon total \$47.3 milyon pou pwopriyete a sou yon peryòd senkan, enkli acha ki annaprè yo:

Chain Lakes Tract	\$12,383,319	Achte nan 2012
Indian River Tract	\$638,383	Achte nan 2013
OK Slip Falls Tract	\$1,925,237	Achte nan 2013
Macintyre Works Tract West	\$3,780,458	Achte nan 2014
Southern Tracts/Casey Brook	\$9,872,066	Achte nan 2014
Macintyre Works Tract East	\$4,241,383	Achte nan 2015

Anplis, DEC ak Nature Conservancy te bay 15 sibvansyon nan 2014 a biznis lokal ansanm avèk kominote yo pou mete sou pye touris ak pwojè lwazi ki gen rapò a teren ansyen Finch lan. Sibvansyon sa yo – ajoute jiska \$500,000 ke Nature Conservancy te bay– ap sipòte zòn platfòm pou ekitasyon, lojman modèn, amelyorasyon teren kan, inisyativ maketing ak biznis pwofesyonèl ki gide anplennè.

Nature Conservancy pral bay kounye tou \$750,000 adisyonèl nan sibvansyon ke DEC ap jere pou ede minisipalite lokal yo ranfòse lyen enpòtan ant ekonomi lokal ak teren konsèvasyon yo. Sibvansyon sa yo ap amelyore grandman enfrastrikti touris lokal nan minisipalite sa yo epi ede nan plis elaji inisyativ devlopman ekonomik nan Adirondack Park.

Yon gwo pati nan Boreas Ponds Tract la se yon zòn plenn ant North River Mountain

Range pou rive nan lwès ak Boreas Mountain Range nan pati lès. Somè tèt mòn Bioreas lokalize sou tract la. Yon panorama espektakilè mòn sa yo klase e mòn yo nan High Peaks Wilderness – tankou Marcy, Haystack, Gothics, ak Saddleback – ou ka wè yo apati plizyè kote. Nouvo acha sa, lè li konbine avèk Casey Brook Tract ke eta te achte nan 2013, konekte twa gwo forè nan zòn konsèvasyon an.

Boreas Ponds, ki nome apre tract la, fòme yon mas dlo 320 kawotè, kounye a sou pi gwo pati nan park la ki anviwone antyèman pa Konsèvasyon Forè a. Lòt dlo ki sou tract la gen ladan LaBier Flow, Boreas River, LeClaire Brook, Casey Brook, Slide Brook and White Lily Brook, sa ki bay yon abitasyon pou pwason dlo dous, enkli ravin twit. Yon pati nan seksyon sa ap sèvi kòm yon separasyon ant Lake Champlain ak basen vèsan Hudson River.

Byenke plis pase 80 pusan nan ansyen teren Finch la lokalize nan Newcomb, North Hudson, Long Lake, Indian Lake ak Minerva, tout pwopriyete a chita sou 27 bouk nan Adirondacks. Eta a ap peye tout pwopriyete lokal la ak taks lekòl yo sou teren an. Acha teren sa yo se yon konpozan nan yon pi gwo plan konsèvasyon kote kèk 95,000 kawotè nan ansyen Finch lan kounye a pwoteje pa dwa pasaj konsèvasyon forè, ak yon koleksyon tract nan Newcomb, Long Lake ak Indian Lake yo te mete akote pou rezon kominotè.

Ansanm, Forest Preserve ak teren konsèvasyon dwa pasaj toupatou nan Adirondacks te bay anpil varyete aksè nan lwazi anplennè, sa ki gen ladan lachas, lapèch, randone, kan, kanotaj, monte bisiklèt nan mòn ak ski atravè peyi a. Zòn gwo forè sa yo, entè-relye avèk vil ak vilaj, distenge Adirondack Park de lòt park yo nan mond lan yo se yon pati entegral nan ekonomi lokal ak mòdvi.

Boreas Ponds Tract ak Casey Brook Tract ki toupre a ap disponib pou aksè piblik limite pandan ke Ajans Adirondack Park la ap dirije pwosesis pou klasifye teren yo dapre Plan Prensipal Teren Park Eta Adirondack. Pwosesis sa gen ladan, pami lòt faktè, gwo konsiderasyon nan kapasite resous natirèl pou reziste itilizasyon. Apre teren an fin klasifye, DEC ap devlope yon plan jesyon pou idantifye plènman ak devlope enfrastrikti lwazi sou teren sa yo.

Yon ti ponyen lokatè ap kontinye gen aksè pou kondwi nan kan yo sou Boreas Ponds Tract jiska 30 Septanm 2018. TNC ap gen tou aksè administratif nan pwopriyete a pou plizyè ane pou gen tandans pou retire kan, enkli retire otèl Boreas, sa ki te antisipe pou fèt pandan prentan an.

Direktè Egzekitif Chapit Nature Conservancy Adirondack, Michael Carr te deklare: “Nou aplodi Gouvènè Cuomo ansanm avèk DEC pou akonplisman ekstra-òdinè sa. Pi gwo nan dimansyon pase Manhattan, adisyon Boreas Ponds tract nan Forest Preserve la se yon bagay ki prale nan liv istwa. Pwopriyete sa gen yon kalite Park Nasyonal. Nou fyè paske nou fè patenarya avèk New York pou pwoteje yon resous enpòtan konsa.”

Prezidan APA Leilani Ulrich te deklare: “Sou lidèchip Gouvènè Cuomp, Konsèvasyon

Forè Eta New York ak Adirondack Park te ogmante nan fason ki san parèy. Acha Boreas Ponds Tract ap konsève bèl resous natirèl epi elaji pouswit lwazi anplennè eksepsyonèl nou yo. APA rekonesan anpil a Gouvènè Cuomo ansanm avèk Nature Conservancy pou teren lafon ekstraòdinè sa yo.”

Senatè Betty Little te deklare: “Mwen kontan paske sant diskisyon yo osijè akizisyon sa te yon preyokipasyon pou senk bouk yo ansanm avèk lòt enterè lokal nan Adirondack. Sa a se te yon pwosesis delibere ak long nan nivo sa men sètènman valab lè nou gade rezilta pozitif pou anviwonman an, pou opòtinite lwazi ki amelyore pou rezidan lokal ansanm avèk touris yo ak chans pou stimile kwasans ekonomik ki pi nesèsè. San dout, \$750,000 nan sibvansyon DEC ak Konsèvasyon Lanaiti pral anpil bon bagay pou ede kominote nou yo fè koneksyon nan teren konsèvasyon yo. Mwen gen konfyans ke trè byento -- ansanm avèk jenerasyon yo apati kounye a -- anpil moun pral wè avantaj sa. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Komisyonè pa Entèrim DEC Seggos ansanm avèk ekip li paske yo te tandè epi travay avèk nou. Mwen konplimante egalman sipèvizè vil yo pou travay yo nan fè sa ki byen pou elektè yo.”

Manm Asanble Dan Stec te deklare, “Bay plis opòtinite lwazi pou rezidan ak vizitè yo nan Adirondacks ap genyen yon benefis ekonomik pozitif pou ti kominote nou yo nan Park la.”

Bill Farber, Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Hamilton te deklare, “Acha sa, se yon pati final, nan yon tranzaksyon istorik. Grasa lidèchip TNC, DEC, e patikilyèman Gouvènè Cuomo, adisyon sa yo nan Forest Preserve la te istorik, non sèlman pou definisyon anviwonmantal, men nan fason kominote yo te gen yon chans pou fè patenarya nan pwosesis sa. Kominote yo ap kontinye benefisye de angajman Gouvènè a pou touris, ansanm avèk angajman Ajans yo nan Eta ki te travay avèk vil ak konte yo. Lè gen kesyon osijè si otèl la te ka rete sou sit la, oswa deplase, TNC, DEC, ansanm avèk minisipalite ki afekte yo te eksplòre opsyon yo ansanm. Lè tout opsyon yo pou kenbe otèl la, oswa pou retire l te fin epwize, TNC ak DEC ankò te kanpe pou asire \$750,000 an finansman ta disponib pou devlope enfrastrikti touris nan kominote yo. Patenarya sa istorik, e li te dwe fèt depi lontan!”

William (Bill) Ferebee, Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Essex te deklare, “Konte Essex fyè paske li se kay youn nan pati pwopriyete piblik ki pi enpòtan nan Adirondack Park. Nou kontan anpil pou n akeyi vizitè yo nan kominote nou yo epi aplodi Gouvènè Cuomo paske li investi pou fè sa vini yon reyalyte. Akizisyon pati sa ak sipò lap montre otorite yo nan vil la pou konekte teren piblik yo nan kominote yo nan rejyon an san parèy.”

Sipèvizè Vil North Hudson Ron Moore te deklare “Sa a se yon gwo nouvèl. Nou te rete tann pandan lontan pou n te ka tandè nouvèl sa e nou kontan paske avèk acha final ansyen teren Finch/TNC, ki pral kounye a anmezi pou fè santye a plizyè itilizasyon ki pral konekte kominote 5 vil yo nan North Hudson, Minerva, Newcomb, Indian Lake ak Long Lake. Nou Kanpe pou nou apwiye vizyon Gouvènè a pou ouvèti teren sa yo pou piblik la itilize, bay nouvo posiblite ki ekstrawòdinè pou lwazi andeyò, ogmante kantite

vizitè yo nan North Country, epitou kreye revni siplemantè pou touris nan vil yo. Nou espere ke ogmantasyon opòtinite lwazi pou touris ap bay ranfòsman ekonomik ke vil nou yo bezwen anpil e sa pral non sèlman soutni biznis ke nou genyen yo, men bay opòtinite pou bouvo biznis yo ak kwasans. Pou ogmante opòtinite sa nou panse ke li gen anpil enpòtans ke nou otorize aksè rezonab maksimòm ak pèmi nan yon gwo varyete itilizasyon lwazi. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Nature Conservancy paske yo te rann opòtinite lwazi sa posib."

Sipèvizè Vil Minerva Stephen (Steve) McNally te deklare, "Kominote nou yo depann sou itilizasyon piblik teren konsèvasyon forè ki toupre yo pou jenere opòtinite ekonomik pou rezidan ak biznis nou yo. Acha Boreas Ponds ke Gouvènè Cuomo te anonse jodia pwomèt pou l ogmante enterè nan rejyon 5-vil nou yo epi atire plis moun pou vizite Adirondack Park."

Brian Wells, Sipèvizè Vil Indian Lake te deklare, "Gouvènè Cuomo te travay di anpil pou pwomote rejyon Adirondack kòm yon premye destinasyon touris pou moun ki renmen lwazi epi apresye bote gran zòn anplennè nou yo. Anons jodia se kòmansman yon lòt chapit nan efò nou pou jenere ogmantasyon itiliasyon piblik nan tout sa Adirondacks gen pou ofri."

Sipèvizè Vil Long Lake Clark Seaman te deklare, "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta ap travay pou asire ke adisyon nan Adirondack Forest Preserve ap ede kominote yo amelyore baz ekonomik yo ki depann sou touris ak lwazi anplennè. Akizisyon Boreas Ponds pral ouvè bèl opòtinite lwazi epi bay vizitè yo yon lòt gwo rezo pou vini nan Adirondacks."

Sipèvizè Vil Newcomb Wester (Wes) Miga te deklare, "Antanke yon nouvo eli Sipèvizè Vil la nan rejyon 5-vil yo nan Sant Upper Hudson River Recreational, mwen enpresyone avèk gwo travay enèjik Gouvènè Cuomo ansanm avèk anplwaye li yo pou achte Boreas Ponds tract epi pote konvèsasyon an osijè kijan pou pi byen relye vil Newcomb nou an avèk vil North Hudson. Kominote Newcomb deja ap benefisye de vizit nan Konplèks Essex Chain e li prepare pou elaji sèvis touris nou an pou akomode vizitè yo ki atire tou nan eksperyans ke yo pral genyen nan Boreas Ponds."

Neil Woodworth, Direktè Egzekitif Adirondack Mountain Club te deklare: "Sa a se opòtinite ki pi enpòtan pou ajoute pou toutan nan teren lafon yo nan Adirondack Forest Preserve nan plis pase 40 ane. Nou apresye anpil lidèchip Gouvènè Cuomo pou asire ke bèl pwopriyete sa pwoteje nan fason pèmanan ak disponib pou tout Nouyòkè yo itilize."

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418